

VAKSEN

POLISAKARID KONT JÈM NEMOKÒK

SA OU TA SIPOZE KONNEN

1 Pou ki sa ou dwe pran vaksen an?

Jèm nemokòk la se on maladi grav ki bay enfeksyon, ki fè moun malad anpil, epi ki touye moun. Chak ane lè ou gade tout maladi ke vaksen pa kite antre sou kretyen vivan yo ansanm, chak ane maladi Nemokòk la tiye pifò moun nan peyi eta zini pase tout rèz maladi sa yo met ansanm. Men maladi a reprezante on pi gwo risk pou on seri de moun pase kèk lòt moun. Moun sa yo se moun ki gen 65 ane ou byen plis laj, moun ki jèn anpil, avèk moun ki gen pwoblèm lasante espesyal tankou moun ki paka rete san yo pa bwè kleren, moun ki genyen maladi nan kè oubyen nan poumon, moun ren yo pa bon, moun ki fè sik, moun ki gen HIV ou byen kèk nan mòd kansè ki egziste yo.

Maladi ke jèm nemokòk la lakoz ka fè yon moun vin fè enfeksyon grav nan poumon yo ke yo rele nemoni, yon enfeksyon grav nan san ke yo rele bacteriyemi epi li ka lakoz on enfeksyon nan menenj yo ki ka kouvri sèvo yon moun ke yo rele menenjit. Sou chak 20 moun ki gen nemoni ak nemokòk, maladi a touye youn ladan yo, menm jan an tou sou chak 10 moun ki gen bacteriyemi, 2 ladan yo mouri, epi tou maladi menenjit la touye 3 sou chak 10 moun ki pran l. Moun ki gen pwoblèm sante espesyal sa yo ke nou te pale de yo pi wo a gen plis chans pou maladi a tiye yo.

Gen on epòk medikaman tankou penisilin te konn geri enfeksyon sa yo trè byen; men maladi a vin ka reziste medikaman yo pi plis, ki fè ke li vin pi enpòtan toujou pou nou eseye bloke maladi a avèk vaksen.

2 Vaksen Nemokòk Polysaccharide (PPV)

Vaksen polysakarid la la pwoteje moun kont 23 kalite mikwòb nemokòk (streptokòk). Pi fò gran moun ki an sante ki pran vaksen an devlope on pwoteksyon kont pi fò ou byen tout kalite mikwòb nemokòk sa yo nan 2 oubyen 3 semèn aprè yo fin pran vaksen an. Moun ki gran moun anpil, ti moun ki pi piti pase 2 zan, avèk moun ki gen kèk maladi ki sou yo depi lontan ka pa jwenn rezilta rapid konsa lè yo pran vaksen an; ou byen konsa tou yo ka pa jwenn pyès rezilta.

3 Kiyès ki merite pran vaksen PPV a?

- Tout gran moun ki gen 65 an ou byen pi plis
- Tout moun ki genyen plis pase 2 zan ki gen pwoblèm sante ki avè yo pou on bon kou tan tankou:
 - maladi kè
 - anemi falsifòm
 - tafyatè
 - maladi nan poumon
 - dyabèt
 - siwoz
 - Moun ki manke nan dlo ki fòme nan sèvo yo ak mwal epinyè yo ki rele likid sefalorachidyen.
- Tout moun ki gen plis pase 2 zan ki gen on maladi ou byen on pwòblem ki fè ke kò yo vin twò fèb pou l reziste a enfeksyon tankou:
 - Maladi Hodkin
 - Moun ki soufri ak kansè ke yo rele lenfòm ou byen sa yo rele lesemi
 - Moun ren yo pa fonksyone byen
 - Moun ki soufri ak maladi ke yo rele myelòm miltip
 - maladi nan ren ke yo rele sendwòm nefwotk la
 - Enfeksyon HIV ou byen maladi SIDA
 - domaj nan larat ou byen moun ki pa gen larat ditou
 - moun yo te fè operasyon pou yo mete manm ke yo te retire nan kò lòt moun pou yo
- Tout moun ki gen pli pase 2 an kap pran on medikaman ou byen kap swiv on tretman ki fè ke kò yo vin twò fèb pou l reziste a enfeksyon tankou:
 - moun kap pran estewòyd depi lontan
 - moun kap pran kèk medikaman pou kansè yo
 - moun ki nan terapi kap pran radyasyon
- Moun ki fèt Alaska ak kèk nan ras moun kite premye ras moun o Zeta Zini yo.



4 Kombyen dòz PPV on moun dwe pran?

Abitiyèlman se on sèl dòz PPV on moun bezwen pran.

Men gen kèk ka kote yo ka ba moun nan on dezyèm dòz

- Pou moun ki gen 65 an yo ou byen ki pi gran moun toujou, li rekòmande pou yo pran on dezyèm dòz, si yo te pran premye dòz la lè yo te pi jèn pase 65 an, si genyen 5 an oubyen plis ane pase depi yo te pran premye dòz la.
- Li rekòmande pou moun sa yo pran on dezyèm dòz tou, moun ki:
 - moun ki domaje nan larat yo, ou byen ki pa gen larat ditou
 - moun ki soufri ak anemi falsifòm
 - moun ki gen fè HIV ou byen sa ki soufri ak maladi SIDA
 - moun ki soufri ak kansè tankou lesemi, lenfòm, myelòm miltip
 - moun ke ren yo pa bon
 - moun ki soufri ak maladi ke yo rele sendwòm nefwotik la
 - moun ke yo te fè operasyon pou yo ranplase on manm nan kò yo, ou byen mwal zo ke yo te retire nan kò yon lòt moun pou mete pou yo
 - moun ki ap pran medikaman ki fè sistèm

iminitè yo fèb (tankou kimoterapi, ou byen ki gen lontan yap pran òmòn estewòid).

Timoun ki gen 10 zan oubyen ki pi piti toujou ka pran dezyèm dòz la 3 zan apre premye dòz la. Sa ki gen pifwò pase 10 zan dwe pran dezyèm dòz la 5 an apre premye a.

5 Lòt ransèyman sou koze de pran Vaksen an.

- Ti moun ki an sante men ki fè enfeksyon nan zorèy tout tan, enfeksyon nan sinis yo, ou byen ki fè enfeksyon nan pati siperyè aparèy nan kò yo ki pèmèt yo respire a pa bezwen pran PPV a akòz de pwoblèm sa yo.
- PPV gen dwa pi pa efikas pou kèk moun, espesyalman moun ki pa reziste byen kont enfeksyon yo. Men moun sa yo fèt pou yo pran vaksen an kan mèm, paske yo gen plis chans pou yo vin malad anpil si enfeksyon ak menokòk la ta atake yo.
- **Gwosès:** Nou poko fè rechèch pou nou konnen si PPV pa reprezante on danje pou fanm ki ansent. Pa gen okenn prèv ke vaksen an reprezante on danje pou fanm ki ansent ni pou timoun ki nan vant yo a, men si on fi ansent, ou fèt pou ou tcheke avèk doktè w anvan ou pran vaksen an. Si li posib fi ki kouri anpil risk pou yo trape maladi Nemokòk la fèt pou yo pran vaksen an anvan yo ansent.

Haitian Creole Pneumococcal 7/29/97

Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health

6 Ki risk ki genyen lè on moun pran vaksen PPV a?

PPV se on vaksen ke nou ka fè konfians anpil.

Apeprè mwatye nan moun ki pran vaksen an gen on ti reyaksyon tou piti, tankou kote yo te pike yo a ka vin tou wouj ou byen yo ka santi doule ladann.

Pi piti pase on pousan nan moun sa yo ka gen lafyèv, misk yo gen dwa fè yo mal ou byen yo ka gen kèk lòt reyaksyon ki pi serye toujou kote yo te pran piki a.

Li ra anpil pou yo fè rapò ki di ke genyen moun ki fè alèji grav avèk vaksen an.

Tankou avèk nenpòt ki medikaman, toujou gen on ti chans tou piti pou yon moun vin gen gwo pwoblèm ou byen pou moun nan ta menm mouri apre li fin pran on vaksen.

Lè maladi a antre sou on moun, li gen plis chans pou li vin gen on pwoblèm serye pase si se vaksen an li te pran.

7 E si ta vin gen on reyaksyon serye?

Kisa mwen fèt pou m siveye?

- Alèji grav (gratèl, si li vin difisil pou ou respire, si ou santi tankou ou ap endispoze)

Kisa pou m fè ?

- Rele on doktè, ou byen al wè on doktè menm lè a.
- Di doktè a kisa ki te pase, dat ak lè li te pase, epi kilè ou te pran vaksen an.
- Mande doktè a, mis la, ou byen depatman lasante a pou yo ranpli on sèt de rapò sou Move Reyaksyon on Vaksen (VAERS) oubyen rele VAERS ou menm nan 1-800-822-7667.

8 Ki jan pou m fè pou m jwenn plis enfòmasyon?

- Mande doktè w la oubyen mis la. Yo ka ba ou kèk papye ki gen enfòmasyon sou vaksen an ou byen yo ka konseye w kibò ou ka jwenn plis enfòmasyon.
- Rele depatman sante nan vil oubyen nan eta kote ou abite a.
- Kontakte sant ki kontwole maladi epi ki fè jefò pou anpeche maladi antre sou popilasyon an (DCC):

Call 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)

Oubyen

Vizite wèb sad pwogram Nasyonal Vaksen nan CDC a nan <http://www.cdc.gov/nip>

U.S. DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES
Centers for Disease Control and Prevention
National Immunization Program